Побэрей Урысейр пщІыхь куэду зэхэт къаз хъуа щхьэкІэ, XVI лІэщІыгъуэм нэгъуэщІ льэпкъ дэнэ кьэна, урыс пщыгъуэхэм яІыныкъуэхэм Москвам ІэмэІазэ, абы и унафэм щІэувэн, къэрал зэхэшэм хьІыхьи ядэрэтэкъым. КІэщІу яІыпІэмэ, ешэ Урысей къэралри и пъэ бдыдэу теттэкъым, кьеГъэтІысэкІа льэпкъхэри нЫкъуэкъуэгъэт. Абыи кьыпІэмыпІэу, ІыхьэкІэ адыгэ гъэпкъышхуэхэм япщ гупщ апэ дыдэ Москва пащтыхьым хэзкІуар. Сэ си къулыкъым епхаэу а пщыхэм я щІэунагъуэщІэкІэ бзэ еІыпитакІэ зэпкърыкІыжу Москва и инафэм зэрыщІигъэзэхьыжу пшыпІ. ПІкІи я Іуэху ирищІэжьауэ «собрание земель» жьыхуэтІэм темыкІыу ирикІуэрт. Иван III щэщІауэ, кьикІуэт имыІэу урыс къэралыр зэфІэгъэувэным пылъащ. Византием кьащІэна православнэ хабзэхэри, уеблэмэ мы мылькуэрэ зэхуахьсыжу Византием и пІэм Урысейр ирагъэувэн я гугъэт. Аращ «Москва ещанэ Римщ-щІыжьаІэри, Византием я дамыгъэу (гербу) щытари кьыщІащтари. Иван IV техьа нэхъ, 1552 гъэм ирихьалІэу пащтыхьыщІэри фІащауэ, къэрал политикэри зэхахъхьауэ, динырыплажьэхэри Иван дэІэпыкъуэу ипэкІэ кІуатэрт, уеблэмэ я гъунэгъу щыгуэкІи кьаубытащт. Урысей кьэралым и щІэри жьжьэ Іуат. Аращ адыгэхэр гъэугу тесыщар. Абыхэм кьагурыІуат Урысей кьэралым кІуэ пэтми зэрызиужьыр, нэхъри льэщ зэрыхьыр. Иджы дежьаем. Сахиб-Гирей егъэлеяуэ адыгэ щІыналъэм хъунщІакІуэу, бзаджащІэу иттти, 1551 гъэм жанейхэм яхуэмышІэчыжу зыкъаІэтри, ящ Кьанщауэкъуэр я пашэу Кьрымым тегуауэ щытащІ. АрщхьэкІэ кьиКІалакъым. Іуэхур адэкІэ зэрымыхъужьыр, кІуапІэ-жапІэ зэрамыІэжьыр кьызыгурыІуэ Кьанщауэкъуэм кІэщІу зыззэпигъаэзри пщы гуп и гъуэсу 1552 гъэм Москва кІуащ. Адыгэпщ гупым кьыкьыпІэкІэ кьагурыІуащ тырыкуэмрэ тэрэрхэмрэ я кьару зэрубыдам зэрапэмыльэщІыжьыр. Кьрым хьаным и дзэр ильэситІ-щым зэ Іэмал имыІэу адыгэ хэкум кьытеуэн, хьаныу хахьм адыгэ щІалэ-хьадэбзэ щІыкІыу 300 саугъэту хурагъэшэн хуейт. Тырку султІанми Іыхьэ иІэт. Мэлбахъэу Борис, Дзэмыхь Кьасбулэт сымэ тхыдэм кьыхахьыуэ ятхащ тэрэрхэр ди хэкум сыт щыгъуэ кьыхьами ягъэхьазэр кьагъэльагъуэу. Ар пщы зыхэмылІэ Іуэхущ. Дауэ щытми, адыгэхэр зэи Кьрымым ящтэфакьым икІи ягухьакьым, я щхьи хуагъэтІыльакъым. Щы-мыхьыжьыхэм зэІэтри, урыс пащтыхьым деж Кьуащ кьыщІэхьэщІыну єльэІуну, я кьарур зы эздащІу я хэкур яхъумэжьыну. Аращ ильэс 450-кІэ уэзІэбэкІыжмэ, адыгэпщ гупыр гъэугуанэ кІыхь тезыщар. Ящ пащтыхьыр кьызэрыпыкьуэжІар напІэуну. Меблэмэ льэныкъуитІми мыхьэнэщхъэ зиІэ а къэрал Іуэхур ІыхьылІэжьи щІагъэбыдыхьыжащ, Гуащэней пащтыхьым щхьэгъэсу ящэри. Абыкіэ дзэпэкІэ ар адыгэхэм я тетхъхьэу зэрыщытІыну кьигъэльагъуэрт. Мыдэкіи зыщыгурыІыр ар дыдэрт.

- Ноби эжьм 200 кьыщІ. Пэжьыр жьытІэнщи, нэхъапэхэм а Іэнатіэм фейдэ кьыхэхуихьу щытакьым. Иджы, ди гуапэ зэрыхьунщи, хэщІыныгъэ кьыдимыту Іэщ гъэхьуныр зэтеуэва хууащ. Ар кьыщІыдэжьлам и щхьэусыгъэ зэхьхьэсыжу ящІ. Ар ящІ, ар адыгэхэм хуэдэу пщыгъуэ-пщыгъуэу зэхэту зэрыщытрэ кьэралым и щІыналъэм и щхьэ Іуэхутэкъым. Абыхэм Іуэхуищхэ я пщэ дэпІе, къэрал ІуэхукІэ урыс пащтыхьым епсэпэнмэ, зэдзэрэзыуэ унафэ зэдаштэу гупхапІэ яІэу кІуат.

Побэрей Урысейр пщІыхь куэду зэхэт къаз хъуа щхьэкІэ, XVI лІэщІыгъуэм нэгъуэщІ льэпкъ дэнэ кьэна, урыс пщыгъуэхэм яІыныкъуэхэм Москвам ІэмэІазэ, абы и унафэм щІэувэн, къэрал зэхэшэм хьІыхьи ядэрэтэкъым. КІэщІу яІыпІэмэ, ешэ Урысей къэралри и пъэ бдыдэу теттэкъым, кьеГъэтІысэкІа льэпкъхэри нЫкъуэкъуэгъэт. Абыи кьыпІэмыпІэу, ІыхьэкІэ адыгэ гъэпкъышхуэхэм япщ гупщ апэ дыдэ Москва пащтыхьым хэзкІуар. Сэ си къулыкъым епхаэу а пщыхэм я щІэунагъуэщІэкІэ бзэ еІыпитакІэ зэпкърыкІыжу Москва и инафэм зэрыщІигъэзэхьыжу пшыпІ. ПІкІи я Іуэху ирищІэжьауэ «собрание земель» жьыхуэтІэм темыкІыу ирикІуэрт. Иван III щэщІауэ, кьикІуэт имыІэу урыс къэралыр зэфІэгъэувэным пылъащ. Византием кьащІэна православнэ хабзэхэри, уеблэмэ мы мылькуэрэ зэхуахьсыжу Византием и пІэм Урысейр ирагъэувэн я гугъэт. Аращ «Москва ещанэ Римщ-щІыжьаІэри, Византием я дамыгъэу (гербу) щытари кьыщІащтари. Иван IV техьа нэхъ, 1552 гъэм ирихьалІэу пащтыхьыщІэри фІащауэ, къэрал политикэри зэхахъхьауэ, динырыплажьэхэри Иван дэІэпыкъуэу ипэкІэ кІуатэрт, уеблэмэ я гъунэгъу щыгуэкІи кьаубытащт. Урысей кьэралым и щІэри жьжьэ Іуат. Аращ адыгэхэр гъэугу тесыщар. Абыхэм кьагурыІуат Урысей кьэралым кІуэ пэтми зэрызиужьыр, нэхъри льэщ зэрыхьыр. Иджы дежьаем. Сахиб-Гирей егъэлеяуэ адыгэ щІыналъэм хъунщІакІуэу, бзаджащІэу иттти, 1551 гъэм жанейхэм яхуэмышІэчыжу зыкъаІэтри, ящ Кьанщауэкъуэр я пашэу Кьрымым тегуауэ щытащІ. АрщхьэкІэ кьиКІалакъым. Іуэхур адэкІэ зэрымыхъужьыр, кІуапІэ-жапІэ зэрамыІэжьыр кьызыгурыІуэ Кьанщауэкъуэм кІэщІу зыззэпигъаэзри пщы гуп и гъуэсу 1552 гъэм Москва кІуащ.

НЭХУЩ Чэрим:

ГъащІэм сэ куэдым сыхуиущящ

● Ди псэлъэгъухэр

Цыхум я гум дыхьэ зы уэрэд игъэзэщІамэ, уэрэджыкІыуэр абы цІэрыІуэ ирихьу хабзэщ. Ауэ и творчествэм дихьэххэм я пащхьэм купщІэ зиІэ, псалъэ ГъахуарэР макъамэ телъыджэрэ зыщІэль уэрэд бжыгъэншэхэр макъ щабэ дахэкІэ щыжиІэмэ-щэ? Апхуэдэу зи гуащІэр цыхуэхэм гунэс щыхьуа, уи псэр зыгъэпІейтей уэрэджыкІакІуэр Къэбардей-Балькъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикиэхэм щІыхь зиІэ я артист, 2007 гъэм Ингуш, Адыгэ Республикиэхэм я цІыхубэ артист цІэ льапІэр кІыхьыбІауа Нэхущ Чэрим.

Чэрим и творчествэм дихьэххэр зэрыщыІэм хуэдэ дыдэу урихьэлІу къыщІэкІынщ ар зыфІэмыфІхэри. Ауэ зэрысабий льапІдэрэ макъамэм дихьэх Чэрим уэрэд зэрыжиІэн макъ дахэкІэ Тхьэр кІыхьэрыхуэупсамкІэ мыакъылэгъу щыІэну къыщІэкІынкьым. Артист цІэрыІуэм и лэжьыгъэмрэ и дуней тетыкІэмрэ, и гупсысхэмрэ мурадхэмрэ зэщыщІагъэгъуэзэмэ ди гуапэу ар нобэ ди хьэщІэщым къедгъэблэгъащ.


Нэхущ Чэрим

- Чэрим, блэкІа илъэсым хуэзэщІэпльхьауэ щыта гугъьхэмрэ езыр кІыхьэрыпхуэупсах эмрэ хуабжьу зэщхьэщыкІыз?

- Дэ куэдыІуэ дыхуеІуэ арагъэнщ гъэм щыщІидзэм деж абы худигугъамрэ и кІэм нэса иужь къытхуихьамрэ щІыхьэтемыхуэжыр. Ауэ, Тхьэм и шыкуркІэ, блэкІа гъэр тхуэлеиж жыпІэ хьунукъым ди Іэхуэкіи, ди дунейкІи, ди унагъуэкІи. Дызытехьа илъэсри абы нэхъыкІэ мыхьуамэ, фІыгъуэшхуэт. Псом япэрауэ, илъэсым тхуэзфІэкІар якІыхьэрыттпщытэж щыкІэу зэхэтшэ концертым цІыхуэр уэру кІыхьэрыкІуам ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъужащ, абыхэм ягу щыІэдмыгъэбгъакІэ тхуэзэфІэкІар мащІэ къыщІэкІынкъым жытІэу гугъэ дигъэщІу. Шэч хэмылъу, уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу улэжьэным и хэкІыпІэ нэхъыщхьэ щыдэр кьодаІуэ цІыхуэхэр кІыхьэрыпхущытырщ.

Абы кІымыдзкІэ гъэ блэкІам цІэ льапІэу тІу, Ингуш, Адыгэ республикиэхэм я цІыхубэ артист цІэхэр, кІыскхуэздихьащ сэ. Лосэн Тимур а щІыналъэхэм щІыхь зиІэ я артист яІащ. Иджыри зэ фІэщхъунигъэ пхудиІэщ жаІэу я кІыкІэлъыкІуэ цІэ льапІэхэр кІыхьэрызатам сэ хуабжьу сыщогуфІыкІ икІи фи газетыр кхъэгъэсэбэпу фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуеІт Ингуш, Адыгэ республикиэхэм я президентхэу Зязиков Муратрэ Тхьэкіушынэ Асльэндэкэрийрэ. Дамыгъэ зрита цІыху 70-м щІигъум дакьыхишу Тхьэкіушынэр дэ кІыхьэрыдбгъэдэсам абы пщІэлей кІыхьэрытхуищІыр кІьгъэльагъуэрэ, и пщІэр льагэ Тхьэм ищІ.

- ЦІэ льапІэ зыбжанэ уэрилэм дышыгъуаззщ. Абыхэм ящыщу дэтхэнэр нэхъ кІыхьэбгъщхьэхуІкІэ?

- Цыхум и фІэщ уэрэрыхуам, и гум уэрэрыдыхьам, и псэм уэрэрыльэІэсам и щыхьэту кІыскІощхьу сэ кІыскуагъэфащэ щІыхьыщІэхэр. Абы кІыхьэкІыуи, дэтхэнэ зыри фІэкІыпІэ имыІэу сэркІэ льапІэщ. Ауэ ахэр псори жэуапльныпІэ ину эрыщыгъуи пщІыкІым. Щынальхэм я унафэщІхэу а цІэ льапІэхэр кІыскхуэзыгъэфэщахэм я мызакъуэу а щІыналъэхэм щыпсэу цІыхухэми я фэр изопльэ сэ щІыхьыщІэхэм, арагъэнщ я льагагъ-льахъшагъым емылъытауэ дэтхэнэ зыри си деж щІэльапІэр.

- Жыпі ЗэрэдІэм щыщу нэхъ уи гум дыхьэр сыт хуэдэхэра?

- Уэрэдхэм яхэтщ зэуэ цІыхум къащтахэри, едаІуэми ямыжагъуэу, ауэ хэІэтыкІауэ фІыуэ яльагъуэхэм хуэмыдэ дыдэхэри. ЦІыхуэхэр теплъэрэ гукІэ зэрызэмыщхьым хуэдэщ ахэри. Сыкъэзыхъуреиныхэм я пащхьэм щыжысІэ уэрэдхэм ахэр зэрыхущытыр къомыщІэнкІэ Іэмал иІэкъым икІи абыхэм нэхъыфІу яльэгъуахэрщ, си фэ зэраплъэхэрщ, шэч хэмылъу, сэри нэхъыфІу слъагъур.

- Хьэрхуэрэгъу уэзрилэм щэч хэлъкьым. Абыхэм ящыщу хэт нэхъ укьыхигъэзыху кьыбдгъурышасэрэ?

- Апхуэдэхэр нэхъыбэху нэхъыфІщ. Си закъуэ дыдэу бззэрым сыт етащэрэт, жызыІэхэм сащыщкъым сэ. Пэжым ухуейуэ щытмэ, зы увыпІэ гуэр сэ сыІуБыдауэ, зы льагаПІэ гуэрым сытетрэ абы зыгуэр кІыдгъэкІуеинщи сридзыхьинщ жысІэу зэи зыкьыскщыхьужакьым. Уэрэд жызыІэр цІыхубзуэм цІыхухъууи щрет, нэхъыжьыІуэуи нэхъыщІэуи ирехъуи, апхуэдэу цІыхухэр зыгъэгуфІэфын, я гукъыдэжыр къэзыІэтыфын нэхъыбэу льэпкъым кІыкъэкІарэт жысІэу фІэжла, зэи нэгъуэщІу сыгупсаскъым. ЗызгъэщІалэфІу, зызгъэцІыхуфІу аракьым, ауэ къэзыльхуар, кІыызыхэкІар, щпэсэу щІыналъэр зыгъэльапІэну хуущІэкъуэхэм сащыщщ. ХэІэтыкІауэ жысІэу кІыызыщІыхьуни щыІэнщ, ауэ сэ сызрикІуа гъуэгум, ар кІыхьми бжьыз фІэжла мыхьуми, щапхъэ гуэр кІыхьихьну хуейуэ кІызбгъэдыхьэ дэтхэнэми, чэнджэщ естыну сыхьэзыщІ. Иджыпсту сэ аращ схуэщІэнур. Уэрэджыкіакіуэ усщІынт, утыкум уисщэнт, льагаПІэ гуэрхэм унэзгъэсынт жыПІэу цІыхур бгъэгугъэну, бгъэжакъуэну, си гугьэмкІэ, тэмэмкъым. Мыпхуэдизэ кІыззэпттмэ, мыпхуэдизэ тебгъэкІу эдэфынымэ жызыІэм цІыхур гуъэгу пхэнж трешэ. Пэжщ, ди зэманым, ар сыт хуэдизу гукъеуэу щІымытми, зэчий зыбгъэдэлъ цІыхур лъэ быдэкІэ увын папщІэ мылъку гуэри темыкІуадзу мыхьуу къэнащ. Ауэ абы ипэ кІыхуэу дэтхэнэми хуэзэфІэкІынур къэщІэн хуейщ. НэгъуэщІ щхьэусыгъуэ щымыІэжу мылькубыльмыр фІэгъэнапІэ зыщІынІэ деж щыхьэрэ, итІанэ наІуэ, езыми ищІэу, и адэ-анэри щыгъуазэу, дэІэпыкъуэгъуэ иІэмэи хащІыкІыу Іуэхум бгъэдыхьэнращ тэмэму къэслъытэр.

Сэ сыкъапщтэмэ, цІыхуфІ куэдкІэ гъащІэр кІыззэтащ. Ауэ уэиныбжьэгъуэмэ, мыпхуэдизу ущытмэ зыщІыпІэ унэсынщ, жиІэу зыгуэрым сигъэгугъэрэ секІуэкІакъым. Сэ нобэми кІыздбгъэдэтщ щІэгъэкъуэн кІыскхуэхьу цІыхуфІхэр, ахэр симыІэу щытамэ, куэд дыдэ сІыззрихуэнакъуэнур сщІэжу.

- У и гъащІэм, уи лэжьыгъэм нэхъ гугъу дыдэу сыт узыщирихьэлІар?

- Цыхур зыпэмыльэщ телыджэ гуэр сщІауэ, бэлыхьлажьэ зэфІэзгъэкІауэ зыкъэзбжьыку аракъым, ауэ сэ зи ужь ситыр цІыхум я гукъыдэжыр кІыззэрысІэтыныгъ, нэхъыфІ дыдэу сІэзэхьулІэ ІэщІагъэмкІэ ахэр зэрызгъэгъэфІэнырщ. Аращ нэхъыщхьэ дыдэу си лэжьыгъэм хэдгъуэ къэслъытэри.

ГъащІэм и льэныкъ уэкІэ къапщтэмэ, си адэ-анэр зэрысфІэкІуэдар гуэзвэгъуэу слъэгъуам я щхьэжу къыщсщохьур.

Ауэ лэжьыгъэми къекІуэкІ гъащІэми сызыщирихьэлІэ гугъуехьхэм сыпТэзыГъэлъэщ, заншэу си гуэр здэжэ, псалъэ къыхамыгъэкІыу къыздэІэпыкъу ныбжьхъэгъу нэсхэр сиІэщ. Сэ схуэзфІэкІар зи фІыщІэр си закъуэщ жысІэрэ - абы щыгъуэм сэ сыцІыхукъым. Аргуэру зэ жызоІэри, ар си ныбжьэгъуфІхэу пэжыгъэкІэ къызбгъэдэтхэм куэдкІэ я фІыщІэщ. Псом хуэмыдэу и цІэр къисІуэну сыхуейщ жэщмахуэ имыІэу сэ си япэ льэбакьуэхэр зэрысчрэ къызбгъэдэт, ныбжьэгъу пэжым къыщІэмынэу дунейм ехьжа си адэанэм «мыр зы анэ кІыльхуа зэкъуэшипІым фи етхуанэщ» зыхужаІа Лосэн Тимур. Ар си хэтми, си сытми сымыщІэу сцІыхуауэ щытами, ди льэпкъытІыр зэблагъэ жыжьэуи къыщІэкІащ.

Тимуррэ сэрэ длэжь Іэхум зы увыпІэ гуэр мы гъащІэм щигъуэтын щхьэкІэ яхуэзфІэкІ къэзымыгъанэхэр мащІэкъым. Апхуэдэщ сытым дежи дызэрыгушхуэу, дызыгъэльапІэ, дамэ льэщ къыттезыгъэувэ Хьупсырокъуэ Назир и унагъуэр.

- Зи Іэщ1агъэм хуэІэижь цІыхум щхьэкІэ жаІэ: «Тхьэр зэчийкІэ къыхуэупсащ!» Уэ япэу хэт къыпхужиІа апхуэдэ псальэхэр?

- Гущанэ классым сыщІэсу район зэпеуэ гуэрым сыхэтт. Абы гу къыщыслъысытауэ щыта Гъукіэлі Исуф деж щытхъу псальэ зэпэу щызэхэсхар, нобэми сыхуэарэзыщІ зыгуэр зэрысхуэзфІэкІынур япэу къызыгурыІуэхэм ящыщ зыуэ щыт Исуф. Абы телевиденэми сригъэблагъэри, класс нэхъыжьхэм щеджэ щІалэхэр си щыбагъым къыдэтыІу адыгэ уэрэджыкъэр жызигъэІаУ з щыт.

Ижьыкіэ, утыкуэкІми сыкьыхьэ, щыхухэм нэхъ сыкьащІэ хъуауэ апхуэдэ псальэхэр утыкум щыжиІат КъБР-м и Президенту илъэс куэдкІэ лэжьа КІуэкІуэ Валерий. Мис ахэр нэхъ си гум кьынэжащ, зым си щІалэгъуэ дыдэу, адреим - зыгуэрхэр сщІэ си гугъэу утыку сыкьыхьэ-сикІыжьы сыщыщыт зэманхэм къызжаІауэ щытати.

- Кавказым нэхъыфІу щалыгъэ уэрэджыкІакІуэхэм ящыщ зыуэ уэзрыщытым щэч хэлъкьым, Чэрим. Апхуэдэ екъулІэныгъэм хуэфащэу зэпымыууэ ущытыну, шоу-бизнесым ухэтыну гугъэкъэ?

- Ямылажьэмэ, уи Іэр зытебдзэрэ утІысыжьым псынщІэу укъыкІэрыхунуі. Ауэ сэ сыхуейтэкъым ди цІыхуэм шоубизнес псальэр къагъэсэбэпыну. Абы щхьэ дыдэ къызыщІедыдэ, абы къызэщІикъуэхэм щыщ гуэр ди деж щыгъэтауэ Урысейми щыІэкъым.

- Ди эстрадэм и щытыкІэм сыт хуэдэ гупсысэм ухунщэрэ, Чэрим? Ар ефІэкІуэн щхьэкІэ сыт хуэдэ хэкІыпІэ щыІэу къэпльытэрэ?

- Зэрыщыту нобэрей эстрадэм сытепсэлъыхьыну къыслъысу къыщІэкІынкъым ауэ сэ къыскхуэгъэзауэ къапщтэмэ, сыхуейт ди льэпкъыбзэкІэ тха, адыгэ макъамэ нэс зыщІэлъ уэрэдхэр нэхъыбэу ди ІэнУ. Си щхьэкІэ си жагъуэ мэхъу ди льэпкъ уэрэджыкІакІуэхэм ящыщ зыныкъуэхэм я адыгбзэр яфІэмыкъэнэншэу, адрей бзэхэмкІэ жаІэмэ я пщІэр нэхъ льагэ хьуну, я бжьуэкІэри нэхъыфІуну къаэзрыщыхьур. Ауэ щыхьукІэ нэгъуэщІ льэпкъхэм езыхэм я уэрэджыкІакІуэхэм упащІынуныж, абыхэм нэхъэ нэхъыфІуа льэпкъыбзэхэмкІэ уэрэд пхужыІэнукъым, нэгъуэщІ бзэр ууейм нэхъэ нэхъыфІу къыпхуэгъэщынукъым. Араш езыхэр зыхуейми нэмысу, кІызыхэкІаи зрамыпсэкиэрэ льэныкъэ-льэныкъэкІэ задзэу, зызыхуащиІм нэмысу куэд дыщІиІэр. Уи бзэр, уи хабзэр, уи адыгбзэр уэ езым бгъэфІэн, пІэтын зэрыхуейр абыхэм къагурыІуэу щытамэ, куэдкІэ нэхъыфІт. Пэжщ, ди щІалэхэм ящыщ гуэр зэрыгъэІэну Урысейм и эстрадэм къыхьэфауэ, Къэбэрдейм и щІэр жрагъэІэу. Ди гуапэщ. Ауэ псори зэуэ Іэпэзэрыныгъыу къэралым и курыкупсэм ушэту урагъэувэнукъым, инджылызхэм уэрэдзэхамыгъэувэнум хуэдэ дыдэу, НтІэ щхьэ мыхьурэ ди льэпкъыбзэм, ди зэхэтыкІэ дахэм, ди щІыналъэ щІэращІэм пщІэ хуэтщІыж?!

Сэ сыкъапщтэмэ, си зэфІэкІыр нэхъыбарэ адыгэм и щІэр Урысейми щысхужегъэІэну къаруу сиІауэ щытамэ, ари Іейтэкъым. Ауэ сыткІэ, псальэм папщІэ, нэхъыкІэ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм дыкъыщэращІэр?! Ди щхьэр зымыльэгъуауэ ди щІэр зыщІэр дапщэ? Ари нэхъ Іейуэ сыбжырхьым.

- ІэщІагъэ пхуэхьунум иджыпсту уэрэдзэ хуей хьуамэ, сытыт къыхэпхынур?

- Иджыпстукъым мыбы сыщегупсысауэ щытыр. Школым сыщыщІэс зэманым дзэм елэжь дохутырхэм я Іэщ1агъэр сигу ирихьу, си хъуэпапІэу щытащ. Псом нэхъэр нэхъ гъэщІэгъуэ-псэм нэсащ, кІызбгъэдыхьэуэр ямыІэж я анэм зэрырагъэщхьыр кІыызжаІэри, ар си дежкІэ насыпышхуэщ.

- Гъащ1эм щІэгъэкІуэн нэхъ къыщыпхуэхьур хэт сымэ?

- Ищхьэкіэ зэрыщыкыСІащи, япэ щІэгъэкІуэну сиІэр Тимурщ. Іуэхугъуэ куэд къыщцегъэпсынщІэ абы. Тимур нэмыщІкІэ си щыбагъым кьыдзэ зэпытщ Гуэм Маринэрэ Къумахуэ Мухъэдинрэ, абыхэм нэхърэ тІэкІукІэ нэхъыжьу Думэныщ Іэулэдин. Мис ахэр куэд щІауэ къыздогъуэгурыкІуэ, си чэнджэщзэгъуэу, сызэ жаІэу пэжыгъэкІэ къыздэхэтщ.

- Уи мурадхэм я гугъу кьыт хуэщІыг, Чэрим. Проект гуэрым Лосэн Тимур фэрэ зефпщытауэ зэхэдох...

- Думэныщ Іэулэдин ди нэхъыжь пашэу, Тимуррэ сэрэ абы дрикъуэдзэу къэфакІуэу гуп зэхуэтщэсауэ жыпІэ хьунущ. Иужьрейуэ тта ильэсищІэ концертхэми абыхэм я нэхъыбэр хэдгъэхьэфащ. ФащэкІэ мыхуэпами, Іэулдин игъэува «ИлъэсищІэ удж» къафэмкІэ утыку кьитшащ. Абыхэм нэгъуэщІ гупхэм къыщыфахэри, япэу утыку кьихьэхэри яхэтщ. Ансамблым фІэщыгъэщІэ гуэр иІэу щытккым иджыри. Ауэ ар кьафэм и театру щытынкІэ хьунущ, уэрэдри, кьафэри, спектакльэри хиубдзэу. Профессиональнэ дыдэу, нэхъ льагэ дыдэу ди республикиэм зыгуэр щыІэмэ, ди гупыраУэ тщІыну ди гум ильщ.

- Уи бынхэм сыт хуэдэ Іэщ1агъэкІэ, щІэныгъэкІэ уахуэпсэнт, Чэрим? Уи льагуэм ахэр ирикІуэну ухуейт?

- Нэхъ пасэу Тимуррэ сэрэ куэдым дытепсэльыхьурэ мы Іуэхум и гугъу тщІын хуей хьуат. Уи гур лэжьыгъэм бгъэдагъэкІыу псальэмакъ мышу гуэрхэм дыхэтат зы зэманкІи, ар сигу кьэкІыжри жысІащ си бын, ар щІалэ щыкІу ирехьу, е хъыджэбэ щыкІууи щретти, си льагуэм иризмыгъэкІуэну. Абдежым Тимур и фІэщыпэу къысфІэнат: «Уэ пхуэдэм и быныр езым ещхь мыхьужмэ, ар дауэ?» - жиІэри. Фи намыс нэхъ льагэ ухъуи, сэ си нэхъыжь цыкІур хъыджэбэщи, бзыльхугъэм дежкІэ ар пхуэфІэмыкІын гугъуехьу къызолытэ. ЗэфІэкІ егъэлея гуэр къалыкъуэмыкІмэ, си Іэщ1агъэр щІалэмэ ныдыжэбэми къыхезгъэхьыжынутэжым. Псоми пэльэщэ, хьарзынэщ, льэпкъ гъуазджэр фІыуэ яльагъуу, яхуэзфІэмыкІ хэмыту хьумэ, схуэхьхьэ хэслльхэщ, ауэ Іэщ1агъэ яхуэхьун хуэдэу а льэныкъуэмкІэ зэремыкъуным яуэжь ситынуц.

- Ди щІэждыкІакІуэхэм сыткІэ захуэбгъэзэнт?

- Сэ си ущиер кьабыл яІу къащтэну щытмэ, си щхьэм еспэсыр аращи, укъэзылъхуаХэр пщыгъупщэ зэрымыкъынур, укъызылъхуаХэр щыгъэгъуэнэ щхьэкІэ щІидзэжьну гуэрхэм я льэныкъэкІэ зэремыкъуным яуэжь ситынуц.

**- Ди щІэждыкІакІуэхэм сыткІэ захуэбгъэзэз

Кlыщокъуэ Алим и кхъащхьэм уэдэ гъэгъахэр тралъхьэ.

Зи Iэужьыр дахэ КIыщокъуэ Алим

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КIыщокъуэ Алим и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ теуху стендыр, абы и Iэдакъэщ Iэк I тхылъхэр зытелъ стIолхэр егъэувэжащ. Зыщ Iэм щIидзэным и пэ кьиухэу пэшым щоIу КIыщокъуэ и псалъэхэр зыщIэлъ «Па мою судьбу садитесь птицы» уэрэдыр, Iут Заур игъэзащIэу.

Алим и уэ купщIафIэхэм щыщ зыкIэ зэфIущIэр кьиззIуеух еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъаджэ Багъ Марьям. Усакlуэм и творчествэм, ар кьышцальхуа кьуажэм, кьызыхэкIа лъэпкым кIэщIу тепсэлъыхьа нужь, абы яп псалъэр иритащ IыхьэлыкIуэ кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Къуныжь Хьэчим**. Абы кьыхигъэщащ КIыщокъуэ Алим адыгэ лъэпкым и мызакъуэу щIыху псоми я гум кьипсэлъыкI усакIуэ телъыджэу зэрыщытыр.

КъэБэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Джэрыджэ Арсен** кьыхилъхьащ Iужугъуэ гъэщIэгъэуэн, абы ехьэлIа сурэтри зэIущIэм хэтхэм яригъэлъагъэщ.

- Балъкъэр усакIуэ цIэрыIуэ Кулиев КIайсын и цIэр зыфIаща кьурш щыгум, Шэджэм дуэым дэтым, дэкIыным теухуа зэпеуэ щыIащ. А кьуршыщхьэм кьыбгъэдэтщ иджыри зы щыгу, уи лъэр нэпхьэсу КIыщокъуэ Алим и цIэр фIэпщ хъуну, - жиIащ абы. - Сыхуеят мис абы теухуа зэпеуэ кьызэдгъэпэщыну.

Апхуэдэу зэIущIэм кьыщIипсэлъащ КъБР-м и Тхакlуэхэм я союзым и правленэм и унафэщI **Созаев Ахьмэт**, абы и кьуэдзэ, тхакlуэ, публицист **Кхъуэлуфэ Хьэчим**, Шэджэм куейм и администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Уэдыжь Хьэсанщ** филологие щIэныгъэ хэм я докт ор, КъБКЪУм и профессор **Апажэ Мухьэмэд**, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакт ор нэхъыщхьэ, драматург **IутIыж Борис**, мы журналым и лэжьакIуэхэу, тхакlуэ, усакlуэ цIэрыIуэхэу **Къагъырмэс Борисрэ Елгъэр Кашифрэ**, «Минги тау», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм я редактор нэхъыщхьэжу **Додуев Аскэррэ Тхьэзэплъ Хьэсэнрэ**, балъкъэр тхакIуэ цIэрыIуэ **Гуртуев Сэлихь**, КъБР-м и Журналистхэм я союзым и правленэм и унафэщI **Мэзыхьэ Борис**, Щхьэлыкьуэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъаджэ **Апажэ Ахьмэд**, школым и гъэсэн, тхакIуэ щIалэ **МафIэдз Мухьэмэд** сымэ.

ЗэIущIэм кьрихьэлIахэм фIыщIэщхъэ хуащIу, узынщагъэ быдэрэ ехьулIэныгъэкIэ абыхэм ехъуэхъуу зэIущIэм кьыщыпсэлъахэщ усакIуэм и кьуэшым и кьуэ, Нащлык кьаIэм и полникIэ № 1-м и дкуэтыр нэхъыщхьэ **КIыщокъуэ Русланрэ** зэхьихьэр щекIуэкI курыт еджапIэм и унафэщI **Куэшмэн Зауррэ**. КIыщокъуэм и кьуэ Александр и адэр зэращымыгъуэщIэр зэригуапэр, фIыщIэшхуэ кьазэрыхуищIыр Руслан кьыззхуэсахэм яжриIэжащ.

ЗэIущIэр щIэщыгъуэ, КIыщокъуэм и творчествэр наIуэу уи нэгу кьыщIэзыгъэуэ ящIащ курыт еджапIэм и гъэсэн хьыджэбз щыкIухэм. Ахэр хьеджащ лъэпкыр, лъахэр, кьыдалъхуа и анэдэлъхубзэр, щыхугъэр, адыгагъэр, уасэ зимыIэ нэгъуэщI хьугъуэфIыгъуэхэр усакIуэм щигъэлIапIэ уэ купщIафIэхэм.

КьаГъырмэс Борис, Апажэ Ахьмэд, щыхьэ и еджакIуэ и фэепIэу ятха я Iэдакъэщ Iэк Iыщокъуэ. Гупытэнщэу кьаГъэнакъым балъкъэрыбзэкIэ зэрадзэкIа Алим и уэсэхэр.

ИСТЕПАН Залинэ.



Щхьэлыкъуэ курыт еджапIэ № 1-м щеджэ Чыржкин Анзор и IэдакъэщIэкI сурэтщ егъэджакIуэ Багъ Марьям хьэщIэхэм яригъэлъэгъуар.



Апажэ Мухьэмэд и псалъэ.

Апхуэдэ фIэщыгъэщIэ нIэу щIыщыIэр и 26-27-хэм Налшык кьалэ дэт «Къэбэрдей» спорт комплексым щекIуэкIащ 1989-1995 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщIэхэм кик-боксингымкIэ я республикэ чемпионат. Ар къызэрагъэпэщащ «ЗэкIуэтынигъэ» псапащIэ фондым и президент, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгъущ Адэлбийрэ КъБР-м кик-боксингымкIэ и федерацэмрэ.

ЗэхьэзэхуэМ и кьалэн нэхъыщхьэу щытащ щIалэгъуалэр спортым дегъэкъэхьыныр, Ипщэ Федерал щIыналъэм и зэхьэзэхуэу мазаем Нартсанэ щекIуэкIыным КъБР-м и командэ кьыхэхам хэту щыбэнэнхуэр наIуэ щIыныр.

Чемпионатым и судья нэхъыщхьэу щытащ международнэ категориием и судья Бейщыкlу Заур.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм медалхэр, дипломхэр иратащ. «Техникэ нэхъыфIым щхьэкIэ», «ТекIуэныгъэм хуэпабгъэу» лIэужьыгъуэхэмкIи нэхъыфI хьуахэм саугъэт щхьэхуэхэр хуагъэфэщащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Спортыр щIэпхъаджагъэм и бийщ

● Кик-боксинг

«Адыгэ псалъэ»-м щылажьэхэм ятеухуа тхыгъэ газетым и напэкIуэцIхэм куэдрэ кьытеухуэркьым. Ди лжьэгъу Дол Маринэ щхьэусыгъуэ дахэ иIэщ нобэ апхуэдэ гулыIэ хуэтщIыну - кьыщальхуа мазхуэрегъэльапIэ.

МАРИНЭ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академиер кьиухащ, 2002 гъэ льандэрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и компьютер Iэнатlэм щолажьэ - ар ящыщщ напэкIуэцIхэр тхыгъэхэмкIэ, сурэтхэмкIэ «зыхуапэхэм». Маринэ нэхъри нэхь жыджэр, гумызагъэ уигъэлъыхьуэнщ, жыхуаIэм хуэдэщ. Ар зэIусам ущIытеIэзэщIыхьыжьын, ущIыкIэльыIэбжьын щымыIэу егъэтэмэм. Зэлэжь напэкIуэцIыр зыхуей хуимыгъэзауэ щытехьэуленкI къэхъуркъым. Абы и щапхъэм ирокIуэ и лэжьэгъуэхэр.

Маринэ адыгэ нэмыс дахэ хэлъщ, нэхъыжьми нэхъыщIэми яхуэфащэ пщIэ яхуищIрэ езыми зыхурягъэщIыжьыфу апхуэдэщ. АбыкIэ фIыщIэр псом япэу зыщылъагъупхъэр Маринэ и адэ-анэ Абазэхэ Анатолэрэ Любэрэ я дежщ. Абыхэм я бынхэм хапщэфащ езыхэр зыщIапIыкIа лъэпкъ хабзэхэр.

Адэ-анэфIым я ущием тет Маринэ унагъуэ дахэ нIэщ, и гуащэ-тхъымадэмрэ и щхьэгъусэмрэ я нэмысыр, я щIыхьыр игъэпэжу мэпсэу.

ФIыуэ лажьэ къудейкъым Маринэ. Ар гупым и гур зыкIэрыпщIэ цIыху нэIурытщ. Америкэ ахъщэм зэреджэм едгъэщхь и унэцIэм щхьэкIэ «Доллархэ яй» гъэфIагъэщIэкIэ дыздэдж Маринэ ихьу дагъэтI иIэщи, ахэри дахагъэм, гуапагъэм щIепIыкI.

Зи Iэщlагъэм хуэIэзэ, щIэуэ абы кьыхьхьэ псоми псынщIэ дыдэу нэIуасэ зыхуэзыщIыкI ди лэжьэгъуфIым, ныбжьэгъу пэжым, цIыху гуапэм мыпхъэдэу зыхуэдгъэзэну дыхуейт: «ФIыуэ тлъагъу, щIэ зыхуэтщI Маринэ! Уузыншэу, удахэу, уи бынхэм я гуфIэгъэ, я ехьулIэныгъэм удэбжьыфIэу, уи нэхьыжьхэр кьыпщIэхьщIу, уи мурадхэр кьохъулIэу куэдрэ Тхьэм уигъэпэсу!»

«Адыгэ псалъэ» газетым и напэкIуэцIхэм я лжьэгъу Дол Маринэ и ятеухуэ

●Хъуэхъу

Дол Маринэ и щапхъэ

Америкэ ахъщэм зэреджэм едгъэщхь и унэцIэм щхьэкIэ «Доллархэ яй» гъэфIагъэщIэкIэ дыздэдж Маринэ ихьу дагъэтI иIэщи, ахэри дахагъэм, гуапагъэм щIепIыкI.

Зи Iэщlагъэм хуэIэзэ, щIэуэ абы кьыхьхьэ псоми псынщIэ дыдэу нэIуасэ зыхуэзыщIыкI ди лэжьэгъуфIым, ныбжьэгъу пэжым, цIыху гуапэм мыпхъэдэу зыхуэзгъэзэну дыхуейт: «ФIыуэ тлъагъу, щIэ зыхуэтщI Маринэ! Уузыншэу, удахэу, уи бынхэм я гуфIэгъэ, я ехьулIэныгъэм удэбжьыфIэу, уи нэхьыжьхэр кьыпщIэхьщIу, уи мурадхэр кьохъулIэу куэдрэ Тхьэм уигъэпэсу!»

«Адыгэ псалъэ» газетым и напэкIуэцIхэм я лжьэгъу Дол Маринэ и ятеухуэ

Республикэм щынэхъыфIхэр

● Бокс

Ди газетым зэрыгетащи, ЩIэджэм кьалэ дэт спорт комплексым щIышылъэм и 24-27-хэм щекIуэкIащ 1992-1993 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщIэхэм боксымкIэ я республикэ зэхьэзэхуэ. Спортсменхэм зэхьэзэхуэм ерыщу зыкьыщагъэльагъуэрт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мыбы щытекIуэхэм Iэмал яIэнут Ипщэ федерал щIыналъэм щекIуэкIыну зэIущIэхэм ди республикэм и щIыхьыр щахъуэну.

НЫБЖЬЫщIэХЭМ я зэхьэзэхуэр кьыхэIухащ КъБР-м Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ Биттиров Хаким:

Сыныбохьуэхьу мы зэIущIэхэм хэтыну ныбжьыщIэ псоми. Нобэ мыбы фызэрыщыбланэр и щыхьэтщ фыкьыздикIа, фыщагъэса районхэм фызэрыщыпнэхь лъэщым. Иджы дэ зэхэдгъэкIынущ фэ фщыщу республикэм щынэхъыфIхэр, КъБР-м и цIэкIэ утыку зэхуэмыдэхэм идгъэхъэ хьунухэр.

Республикэм спортым зыщижьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIам папщIэ, Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ комитетым кьыбгъэдэкIыу щIыхь тхылъхэр ныбжьыщIэхэм я тренерхэм иратащ а махуэм. КIыщынэмыщIауэ, яп категориием и судья цIэр кьыфIащащ тренерхэу КIуантIэ Артур, Бесчокъуэ Залымхан, Занилэ Murat, Взрокъуэ Амир сымэ.

- ИкъучIэ си гуапэщ ди районым мыпхуэдэ щIыхь зиIэ зэхьэзэхуэхэр зэрыщекIуэкIыр. Дэтхэнэ зыми екъулIэныгъэ фиIэну, фи текIуныгъэ дахэхэмкIэ дыкьгъэгуфIэну, дыкьзыгуфIуэну сыныбохьуэхьу, - захуигъэзащ кьызэхуэсахэм Шэджэм район администрацэм и унафэщIым и кьуэдзэ Уэдыжь Хьэсанщ.

Апхуэдэу зэхьэзэхуэхэм зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну кьрихьэлIащ КъБР-м боксымкIэ и федерацэм и президент Шондыр Олег, абы и кьуэдзэ-гъэзэщIакIуэ директор Iэнщэ Заур, Налшык кьалэм Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и комитетым и унафэщI Буэд Бесльтэн, КъБР-м и ШВСМ-м и директор Жаным Асльэн сымэ.

ЗэIущIэхэр щызэпагъэуэхэм кьызэхуэсахэм я гукьыдэжыр кьаIэтащ ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ кьэрал институтым уэрэд жыIэным щыхуеджэхэу Бэч Азэмэт, Атмурзаевэ Жанэ сымэ.

МахуищIкIэ екIуэкIа зэIущIэ гуащIэхэм пашэ щыхъуахэщ ВэрылI Исльам (кг 32), Хьэпащ Ахьмэд (кг 42), Елгъэр Елдар (кг 46), Думэн Исльам (кг 50), ШЫрэIужь Таукъан (кг 57), Елгъэр Исльам (кг 60), Соблир Рустам (кг 63), Апажэ Мухьэмэд (кг 66), Бахьсэн Рэмэзан (кг 75), Абыдз Алим (кг 86) сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм кубокхэр, медалхэр, дипломхэр иратащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Исльэмей къуажэм дэт курыт еджапIэ № 4-м иджыблагъэ щекIуэкIащ егъэджакIуэхэм я волейбол турнир. Ар теухуат къуажэ администрацэм и унафэщIым и саугъэтыр къэхьыным.

● Волейбол

ЕгъэджакIуэхэм я зэпеуэ

ЗэхьэзэхуэМ х этащ район спорт школым и командэр, къуажэм и 1-нэ, 4-нэ курыт школхэм я егъэджакIуэхэр, цIыхухъу, цIыхубз гупэр.

Зэпеуэр гъэщIэгъуэну екIуэкIащ икIи кьызэхуэсахэм наIуэ щащIащ «цIыху къарууншэхэм ильэсхэр къатокIуэ, цIыху лъэщхэр ильэсхэм ятокIуэ» жыIэгъуэр зэрыпэжыр.

Турнирыр кьызэрагъэпэщащ ИсльэмейкIэ къуажэм и унафэщI Ахъы Асльэн и жэрдэмкIэ. «КъулыкIурагъым цIыхур зыгъэдахэр, цIыхуращ кьулыкIур зыгъэдахэр» - мы псалъэхэр епIх хьунущ абы. Асльэн ящыщщ и кьар у, и зэфIэкI, и зэман псори лэжьыгъэм хуэзэщIэзыгъэуIуэ цIыхухэм.

Зэпеуэм ящ увыпIэр кьыщихащ курыт еджапIэ №1-м и цIыхубз командэм, цIыхухъухэм я деж пашэ щыхьуащ район спорт школым и лIыкIуэхэр. Зэхьэзэхуэм хэта псоми тыгъэ тльапIэхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ яритащ Ахъы Асльэн.

Турнирым и мурад нэхъыщхьэр сабийхэр спортымрэ физическэ щэнхабзэмрэ дегъэхьэхыныр, абы уэзыншагъэм и дежкIэ иIэ мыхьэнэр зыхегъэщIэнырти, ар кьайхъуIуэ кьэпльытэ хъунущ. Кьуажэ егъэджакIуэхэр щогуфIыпхъэдэ Iуэхугъуэхэр хабзэ хьуну, абы кьрихьэлIэхэмэ я бжьыгъэм ильэс кьэс хэхьуэну.

МЭЗКУУ Кьан.

● Гу зылъытапхъэ

Къалыхъуэ!

Прохладнэ кьалэ округым щыIэ ОВД-м къельыхьуэ хьыбарыншэу кIуэда

Данильченкэ Виталий Борис и къуэр, **КъБР-м хьыхь Прохладнэ кьалэм 1978 гъэм щIышылъэм и 13-м кьыщальхуар, 2008 гъэм щIышылъэм и 17-м езым и ВАЗ 2106 автомашинэ хужь О249АТ 07 къэрал номерыр зытелымкIэ цIыхухэр къришэкIын мурадкIэ унэм дэкIар икIи нобэр кьыздэсым зи хэщIапIэр ямыщIэр.**

И теплъэр: **см 170-рэ и льагагъщ, нэкIу хуэрейщ, и щхьэщыр сырыхущ, пэ захуэщ.**

Щыгъар:**комбинезон щIыху-фIыщIафэ, спорт курткэ сырыху, пыIэ зэрыхъа фIыщIэ, кроссовкэ хужь.**

Данильченкэ Виталий Борис и къуэр здэщыIэм теухуауэ зыгъэр фщIэмэ, дынывольэIу фIыкьэпсэльэну мы телефонхэмкIэ: (886631) 4-45-96, 4-45-69, 02 е милицэм и кьудамэ нэхъ фIэгъэунэгъум.

* * *

Бахьсэн район ОВД-м кьельыхьуэ хьыбарыншэу кIуэда ЗэкIурей ФатIимэт Замир и пхъур, 1988 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м кьалъхуар, ХьэтIэхъущыкъуей къуажэ, Абаевым и щIэр зезыхъэ зэрам тет 28-нэ гъэм щыпсэур, 2007 гъэм щIышылъэм и 13-м ИсльэмейкIэ къуажэм щыпсэу и IыхьлыкIэм я деж щыдэкIыжауэ нобэр кьыздэсым зи хэщIапIэр ямыщIэр.

И теплъэр: **см 165-170-рэ и льагагъщ, и теплъэкIэ ильэс 18-20 ептыщ, кьуэгъыщ, кьамыльфэщ, и нэхър кьарэщ, щхьэм фIыщIэщ. ЗэкIурей ФатIимэт Замир и пхъур здэщыIэм теухуауэ зыгъэр фщIэмэ, дынывольэIу фIыкьэпсэльэну мы телефонхэмкIэ: (886634) 2-46-74, 4-11-11, 02 е милицэм и кьудамэ нэхъ фIэгъунэгъум.**

* * *

2007 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м сыхьэт 13-м деж хэтми ямыгубзыхуа цIыхур, Налшык кьалэ Пушкиным и уэрамым тет «Евро-стиль» тыкуэным деж Р807АР 07 къэрал номерыр зытелъ ГАЗ 3110 автомашинэм ис Елей Л.М. щытеуащ икIи кIэрахъуэкIэ игъэшынэри, нужьрейм трихащ сом 915591-рэ. Ар УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэ кьудамэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм улахуэу иратын хуея ахъшэщ. БзаджащIэм къэрал номерхэр зытемыльэ, зи абджэхэми уэзэхымыплъ ВАЗ 2110 автомашинэ дыжьынифэм итIысхъэри зигъэщIкIуэжащ.

ЩIэпхъаджагъэр илэжьауэ зыхуагъэфащэм и теплъэр:

- зи ныбжьыр ильэс 30-35 хьу цIыхухъу зыIэщIэльщ, см 175-178 и льагагъщ, ар псэльащ урысыбзкIэ, щэнэн е нигун къэпсэльыкIэм техьэу.

Щыгъар:

- камуфляж гъэщIэщдж фIыщIэ, щжкIым кьыхэщIыкIа спорт сумкIэ щIыху-фIыщIафэ, пыIэ зэрыхъа фIыщIэ, и натIэм нэс кьекьухъауэ.

Идыгъар:

- сом 91559I-рэ (сом 500 000 сом 500 хьу купюрэу, сом 200 000 сом 1000 хьу купюрэу, сом 200 000 сом 100 купюрэу);

- «Самсунг Д900» сотовэ телефон фIыщIэ, жетоным епха, гъунIэ брелок пыщIауэ, телефоным кьегъэщIэжащ узыпхырыплъ пленкэ, абы ильщ 8-960-423-10-22 номерым и сим-картэ.

Мы щIэпхъаджагъэр фIъэгъуэмэ, абы теухуауэ купщIэ зиIэ хьыбар гуэр фщIэмэ, дынывольэIу фIыкьэпсэльэну мы телефонхэмкIэ: 8 (8662) 422-028, 494-204, 02 е милицэм и кьудамэ нэхъ фIэгъунэгъум.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iанэ.

Льэпкъ паркыр ягъэдахэ

●Щыуэпс

«Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркыр хьумэнымкIэ Iуэхущ Iапи Iэм и лэжьакIуэхэм зыхуагъэхьэзыр гъатхэм щыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэну зыплъыхьакIуэхэр къызэрыгъэблэгъэным.

«ТУРИСТХЭР нэхъыбэу къызыкIэлъыкIуэ бгылъэ щхъуантIагъэ телъыдджэмрэ псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ хэщI ямыгъэныгъщ ди гупым и кьалэн нэхъыщхьэр», - жеIэ къэрал инспектор нэхъыщхьэ Гузеев Исуф.

Паркыр гектар мин 27-м щIегъу. Ар IыхьэIыхьэу зэпыудащ, щIы кIапэ къэс жуап зыхь хьумакIуэхэри егъэбыдыпIэжащ. Лэжьакlуэхэм я пщэ къыдохуэ жыгхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ хьумэныр, мыбы ис псэущхьэхэр зэтезыкIэ щагъэкIэм ятпэщIэтыныр. Хабзэр кьызэпызыдхэм ебэныньмкIэ хьумакIуэхэм я лэжьыгъэр нэсу кIрахьэлIэнымкIэ зыхуеину псори иIэщ: бгылъэ щIыпIэхэм тыншу щызекIуэ транспортыщIэу 4, Iэщэхэр, нэрыпIъэхэр, щыгъынигъуэхэр.

Нобэ хьумакIуэхэм мэз псэущхьэхэм шыгъу иратат, абыхэм я кьарур щIэзыIыгъэн хэкIыгъэ дагъэ зыхэт Iус щхьэхуэхэр хуэгъэхьэщ.

Гузеев Исуф зэрыжиIамкIэ, 2008 гъэм Iуэхущ Iапи Iэм зэфIэкI псори ирихьэлIэнущ зыгъэпсэхуным кIэ, цIыхум и узынщагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ, щIэныгъэ лэжьыгъэхэр щегъэкIуэкIынымкIэ мыхьэнэ ин зиIэ «Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркыр нэхъри дахэ, кьулей щIыным.

ЛЪОСТЭНМузэ.



Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖЬэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ЖылаСэ Маритэ, Ныбжьэ Тансэ, Уэрдокьуэ Жансурэт, Хьэжыкьарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ Iапи Iэхэм я дэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи Iэм - 42-26-41; сурэтчэхьэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытехьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэпыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрыкIэ жуап ех КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхъэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефонмэр 42-35-75.

Мы кьыджкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэу Къаншокъуэ Эллэ, редактору Хьэжыкьарэ Алик, корректорхэу Табыщ Динарэ *(3,4-нэ нап.)*, Щоджэн Инщ *(1,2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэЭныкьуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ:* Мэзбахъуэ Анжелэ, ЩакIуэ Мадинэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуэныкъуэ щыIэ уэрам 20.00-м. Щытрадзэр сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.095● Заказ №228